

**PANGARUH MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE GROUP  
INVESTIGATION (GI) NGAGUNAKEUN MEDIA BAAMBOOZLE  
KANA KAMAMPUH PAMAHAMAN MATEMATIS  
PESERTA DIDIK SEKOLAH DASAR**

Ku

Hany Yusliani

215060067

**RINGKESAN**

*Panalungtikan ieu dilantarankeun ku masalah handapna kamampuh pamahaman matematis (KPM) siswa sakola dasar. Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaguar gambaran KPM siswa, nganalisis pangaruh, sarta ngadéskripsikeun gedéna pangaruh panerapan modél pangajaran kooperatif tipe Group Investigation (GI) kalayan dibantuan média Baamboozle kana KPM siswa sakola dasar. Panalungtikan dilaksanakeun ka sakumna siswa kelas IV di SDN 066 Halimun Kota Bandung salaku populasi. Sampel panalungtikan nyaéta kelas IV D salaku kelas ékspérimén jeung kelas IV A salaku kelas kontrol, kalayan ngagunakeun téknik purposive sampling. Méthode panalungtikan ngagunakeun kuasi-ékspérimén kalawan rarancang nonequivalent control group design. Téknik ngumpulkeun data ngawengku tés, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Analisis data dibantuan ku parangkat lunak IBM SPSS Statistics 29.0, ngawengku uji normalitas, uji homogenitas, uji hipotésis (ngagunakeun uji T jeung uji Mann-Whitney U), sarta uji effect size. Dumasar kana hasil panalungtikan, gambaran Kamampuh Pamahaman Matematis (KPM) peserta didik kelas ékspérimén langkung saé tibatan kelas kontrol, sareng data kelas ékspérimén langkung konsisten di sabudeureun rata-rata. Hasil uji hipotésis sareng uji effect size dina data posttest nunjukkeun ayana pangaruh anu ageung dina panggunaan modél pangajaran GI sareng média Baamboozle dina ngaronjatkeun KPM peserta didik. Dumasar kana data di luhur, tiasa dicindekkeun yén panggunaan modél pangajaran kooperatif jinis Group Investigation (GI) anu dibantuan ku média Baamboozle mangaruhan kana kamampuh pamahaman matematis peserta didik sakola dasar.*

**Kecap Pamageuh:** *Kamampuh Pamahaman Matematis, Group Investigation (GI), Baamboozle, Peserta Didik Sakola Dasar*